

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- PLAN PEYE DAVANS POU KOLÈJ NAN FLORID
- APLIKASYON MAGNET ANDEYÒ PERYÒD TRADISYONÈL LA
- ORÈ GRADYASYON POU KLAS 2022 A

AVRIL 2022

Biltèn 14 | NIMEWO 85 |

FESTIVAL MIZIK ONÈ SIPÈNTANDAN AN



youn nan òkès oswa youn nan gwoup vokal yo, e yo te mete tèt yo ansanm pou pèfòme nan konsè mizikal espesyal sa a.

Festival Mizik Onè Sipèntandan an te fèt nan Lekòl Segondè Miami High nan mèkredi 6 ak jedi 7 avril 2022. Evènman anyèl sa a prezante meyè


elèv mizisyen Lekòl Leta Miami-Dade County yo. Elèv mizisyen ki soti patou nan Distri a te pase nan odisyon pou yo ka jwenn opòtinite pou patisipe nan

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Kreye yon Anviwònman Aprantisaj ki Pozitif

<https://bit.ly/3O41GWH>

PWOSESIS APLIKASYON MAGNET ANDEYÒ PERYÒD TRADISYONÈL LA



an. Peryòd Aplikasyon Andeyò Epòk Enskripsyon Tradisyonèl la ap rete ouvè jis rive nan kòmansman ane lekòl 2022-2023 an.

Elèv yo dwe aplike e satisfè tout kritè elijiblite yo pou yo admèt e aksepte yo sou baz sa ki aplike anvan yo ap jwenn sèvis anvan. Aksepte yon plas Andeyò Epòk Enskripsyon Tradisyonèl Magnet la pap afekte elèv ki deja sou yon lis atant nan yon lòt lekòl.

Lekòl Leta Miami-Dade County te ouvè Pwosesis Aplikasyon Andeyò Peryòd Enskripsyon Magnet la mèkredi 13 avril 2022, pou bay elèv yo yon lòt opòtinite pou aplike pou plas Magnet pou ane lekòl k ap vini

W ap jwenn plis enfòmasyon konsènan lis plas Magnet ak aplikasyon ki disponib pou ane lekòl 2022-2023 a nan <http://offcycle.miamimagnet.com> oubyen lè w rele nan 305-995-1922.

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

13 Avril

Kòmansman Aplikasyon Magnet Andeyò Peryòd Enskripsyon Tradisyonèl la

15 Avril

Jounen Planifikasyon pou Pwofesè

30 Me

Obsèvan 'Memorial Day'



fanmi yo kòmanse ekonomize, se pi ba pri yo ap koute chak mwa. Peryòd anwolman ouvè a dire jiska 30 avril 2022 ak plan ki kòmanse \$45 dola pa mwa. Nou ankouraje fanmi yo pou yo sèvi avèk metòd evalyasyon pri sou entènèt la pou plan peye davans yo pou eksplòre diferan pri plan ak opsyon peman yo. Kòmanse planifye pou yon demen miyò lè ou kòmanse ekonomize pou kolèj jodi a.

Enskri jodi a lè w vizite <https://bit.ly/3phTsjh>.

Fè ekonomi pou kolèj se youn nan anpil desizyon enpòtan fanmi yo ka fè pou garanti avni yon timoun. Avèk

pwogram 'Florida Prepaid' (Plan Florid Peye Davans) la, fanmi yo ka garanti kounye a pri kolèj alavni e pi bonè

SEMÈN PAPA ANN AKSYON E KÒM SIPÒ AK JOUNEN PAPA NAN EDIKASYON



Depi desanm 2014, "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap selebre papa ak moun ki jwe wòl papa,

nan enpleman Jounen Papa nan Edikasyon ak Semèn Papa ann Aksyon e kòm Sipò. Ane sa a, Semèn Papa ann Aksyon e kòm Sipò a ap fèt soti 18 rive 22 avril 2022. Jounen Papa nan Edikasyon an ap fèt jedi 21 avril 2022.

Nan patenarya avèk 'Fatherhood Task Force of South Florida' ak Akademi Paran nan M-DCPS, ap gen atelye sou entènèt chak jou, soti 18 avril rive 22 avril pou sipòte patisipasyon papa ak moun ki jwe wòl papa nan edikasyon pitit yo. Nou ka jwenn pwogram atelye yo nan

<https://www.engagemiamidade.net/fathersineducationday>.

Nou ankouraje papa yo ak manm kominote a pou yo kontakte lekòl pitit yo konsènan selebrasyon ki pwograme pou "Fathers in Education (FIE) Day" (Jounen Papa nan Edikasyon). Nou envite lekòl, pwofesè, direktè lekòl, ak manm kominote a tou pou yo poste yon foto oubyen yon videyo kote y ap li liv yo pi renmen an avèk #MDCPSFIECHALLENGE ak #MDCPSDad e pou bay lòt papa defi pou fè menm jan an.

M-DCPS PRAL OBSÈVE JOUNEN 'TAKE OUR DAUGHTERS, SONS TO WORK', 28 AVRIL



"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) pral obsève tradisyon "Take Our Daughters and Sons to Work Day" (Jounen pou Mennen Pitit Fi

ak Pitit Gason Nou yo nan Travay) nan jedi 28 avril 2022. Tèm ane sa a se "New Possibilities Create New Horizons" (Nou Posiblite Kreye Nouvo Eksperyans).

Pwogram 'Take Our Daughters and Sons to Work Day' la, ki te kreye pou li te plis pase yon oryantasyon pwofesyonèl, ale pi lwen pase "obsève" eksperyans travay yon adilt. Depi plis pase ventan (20), anplwaye yo, fanmi, òganizasyon, ak andwa travay yo kolabore ansanm nan jou sa a pou ogmante opòtinite e pou transfòmè lavi plizyè milye timoun

atravè mond la. Pwogram sa a ki gen rekonesans nasyonal ankouraje elèv ki gen laj uit an rive dizuitan pou akonpanye paran yo, konseye oswa gadyen yo nan travay.

Pase yon jounen nan andwa travay la ak paran oswa lòt adilt bay timoun yo yon eksperyans pratik e entèaktif. Anplis, li pèmèt elèv yo konekte edikasyon yo resevwa nan salklas yo ak reyalyte mond travay la. Evènman an montre elèv yo valè ak enpòtans edikasyon yo, pandan l ap ede yo dekouvri fòs ak posiblite ki genyen nan yon vi pwofesyonèl ki balanse.



“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) anonse orè gradyasyon pou klas 2022 a. Yo ap fè seremoni gradyasyon pou 66 lekòl kòmanse madi 31 me rive vandredi 3 jen epi l ap kontinye lendi 6 jen rive mèkredi 8 jen 2022.

Pou telechaje yon kopi orè gradyasyon an, vizite <https://classof2022.dadeschools.net/>.

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

18 Me
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

“2022 SUMMER YOUTH INTERNSHIP PROGRAM (SYIP)” (PWOGRAM ESTAJ ETE 2022 POU JÈN YO) LANSE YON APÈL POU ELÈV AK BIZNIS LOKAL YO PRAN AKSYON




“The Summer Youth Internship Program (SYIP)” (Pwogram Estaj Ete pou Jèn yo) – yon patenarya ant “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami Dade County), CareerSource South Florida, The Children’s Trust,

Miami-Dade County, The ‘EdFed’ Educational Federal Credit Union ak “The Foundation for New Education Initiatives (FNIE)” (Fondasyon pou Nouvo Inisyativ nan Edikasyon) – ofisyèlman kòmanse pou ane 2022 a. Pwogram ‘SYIP’ la ki ap antre nan setyèm ane konsekitif li, konekte elèv M-DCPS nan klas 10èm a 12èm ane eskolè (ki gen laj 15-18 ane) avèk antrepriz nan kominote a pou yon eksperyans mendèv ki ap benefisye elèv ak antrepriz yo, ki ap fèt ant jiyè 2022 rive out 2022.

Sipèntandan Lekòl Leta Miami-Dade County yo, Jose L. Dotres di: “Ane sa a pwogram Estaj Ete pou Jèn yo retounen ak tout fòs li pou asire

elèv nou yo benefisye de eksperyans aprantisaj nan andwa travay yo. Elèv 10èm, 11èm, ak 12èm ane eskolè yo pral benefisye anpil de eksperyans sa a pandan yo ap eksplòre chemen karyè yo alavni nan Miami-Dade e kominote nou an pral benefisye jèn talan sa yo ki gen potansyèl pou grandi e pwospere lokalman.”

Nou ankouraje elèv ki elijib pou pwogram nan pou enskri nan MiamiInterns.org kòmanse 30 mas; antrepriz ki enterese yo ka vizite menm sit entènèt la tou kounye a oswa rele nimewo 305.693.3005 pou yo enskri.



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL

- @MDCPS @EscuelasMDCPS @SuptDotres
- @MiamiSchools
- @MiamiSchools @SuptDotres
- @MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

- | | |
|-------------------------------------|---|
| Perla Tabares Hantman, Chèmann | Mari Tere Rojas |
| Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann | Luisa Santos |
| Lucia Baez-Geller | Doktè Jose L. Dotres |
| Doktè Dorothy Bendross-Mindingall | Sipèntandan Lekòl yo |
| Christi Fraga | Cori’Anna White |
| Doktè Lubby Navarro | Konsèyè Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la |
| Doktè Marta Pérez | |